SULUK MUSAWARATAN PARA WALI
(MUSAWARAT ING PRA WALI)

PUPUH
ASMARADANA

1. Kasmaran kang para wali, samya aguneman rasa, aneng giri-gajah dene, akarya mungsawaratan, bab masalah ing tekat, den waspada ing Ywang Agung, wajib sami nyatakena.
2. Ing malem Jumungah pesthi, tanggal ping lima ing wulan, Ramelan nuju sasine, aksara widik taunnya, kanjeng susuhunan Benang ingkang miwiti rumuhun.
3. Seh Benthong Mulana Mahrib, nenggih kalih Seh Lemah Bang, lan Pangeran Majagunge, Pangeran Carebon lawan, Pangeran Giri Gajah, samya agunem ing ngelmu, jenenge masalah tekad.
4. Jeng pangeran ratu giri, amiwiti pangandika, eh ta sanak ingsun kabeh, pratingkahe wong makripat, aja dadi parbutan, dipun sami ngelmunipn, dipun peling pinelingan.
5. Wong wewolu dadi siji, aja ana kumalamar, dipun rujuk ing karepe, den waspada ing Pangeran Kanjeng Pangeran Benang ingkang miwiti karuwun, amedhar ing pangawikan.
6. Ing karsa manira iki, iman tokit lan makripat, suwung ilang paningale, yen weruha ing makripat, mapan durung sampurna, dadi batal kawruhipun, pan maksih rasa-rumongsa.
7. Pangeran Benang ngukuhi, ing sampurnane makripat, weruha ing sampurnane, datan nana katingalan, ilang jenenging tingal, mantep Pangeran kang Agung, kang sinembah kang anembah.
8. Pan karsa manira iki, sampurnane ing Pangeran eh anak manira kabeh, punika kasih ing alam, yen mungguh ing manira, jenenging roh semunipun, ingkang roh Nabi Mukamad.
9. Nora beda roh puniki, yen nedya muta bangatan, tan beda ing panunggale, kadi pundi karsa dika, matur wali sadaya, boten sanes kang winuwus, sampun antuk sabda tuwan.
10. Pundi ing aranan nabi, jenenging roh ing semunya, apan iku kekasiye, saderenging dadi jagad, apan jinaten tunggal, pan dinadeken rumuhun, kang minongka kenyatahan.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

11. Pangeran Majagung nuli, medharaken pangawikan, ing karsa manira dene, iman tokit lan makripat, tan kocap ing ngakerat, mung padha mengko kawujud, ing akerat nora nana.
12. Nyatane kawula gusti, ya kang muji kang anembah, iya mengkono lakune, ng akerat nora nana yen tanana imannya, tan weruh jatining ngelmu, nora thukul dadi jalma.
13. Pangeran Carebon nuli, amedharken pangawikan, jenenging makripat mangko, awase marang pangeran tanana ingkang liyan, tanana roro tetelu, allah pan amung satunggal.
14. Pangeran Kalijaga ngling, amedharken pangawikan, den waspada sun mangkene, sampun samya kumalamar, denawas ing pangeran, kadya paran awasipun, pangeran pan nora rupa.
15. Nora arah nora warni, tanana ing wujudira, tanpa mongsa tanpa enggon, sajatine nora nana, yen tan nora nanaa, dadi jagad iki suwung, nora nana wujudira.
16. Seh Genthong samya milingi, amedharken kawruhira, kang aran Allah jatine, tanana liyan kawula, kang dadi kanyatahan, nyata ing kawulanipun, kang minongka katunggalan.
17. Kangjeng Mulana Mahribi, medharaken pangawikan, kang aran Allah jatine, wajibul wujud kang ana, Seh Lemah Bang ngandika, ajana kakeyan semu, iya ingsun iki Allah.
18. Nyata ingsun kang sajati, jujuluk PrabuSatmata, tanana liyan jatine, ingkang ngaran bongsa Allah, mulana mahrib mojar, iku jisim aranipun, seh lemah bang angandika.
19. Kawula amedhar ngelmi, angraosi katunggalan, dene jisim sadangune, apan jisim nora nana, dene kang kawicara, apan sajatining ngelmu, pan sami miyak warongka.
20. Lan malih sadaya sami, sampun sami kumalamar, yekti tanana bedane, saliringan punapaa, dene samya kawula, ngukuhi jenenging ngelmu, sakabehe iku padha.
21. Kanjeng Seh Mulana Mahrib, sarwi mesem angandika, inggih leres ing semune, puniku dene wicara, lamun kapiarsaa, kalawan wong kathah saru, punika dede rarasan.
22. Tuwan ucapna pribadi, aja ana kang miarsa, anukma ing ati dhewe, punika ujar kekeran, yen tan kenaa tuwan, amalangi jenengingsun, bok sampun kadi mangkana.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

23. Pangeran ing ratu Giri, amedharken pangawikan, pesthine Allah yektine, jujuluk Prabu Satmata, sampun pancas wiara, tanana pepadhanipun, namung allah ingkang tunggal.
24. Yata sakathah ing wali, angestokaken sadaya, mapan padha ing kawruhe, amug sira Seh Lemah Bang, tan kena pinalangan, cinegah wali sadarum, tan owah ing tekadira.
25. Ngandika Seh Siti Abrit, pan sampun ujar manira, dennya nututi kapriye, dhasare ingkang amedhar, pamejange maring wang, puniku wuruk ing guru, boten kenging ing ewahan.
26. Ameksa tan kenging gingsir, sinuwalan ing ngakathah, tan kena owah tekade, sampun ujar linakonan, pan wus jangjining suksma, ngandika Pangeran Carbun, sampun ta tuwan mangkana.
27. Punika ujaring jangji, pan inggih bununuh kathah nenggih ta sampun hukume, wong ingkang angaku Allah, ngandika Seh Lemah Bang, lah mara dipun agupuh, sampun age kalireyan.
28. Dhasar kawula labuhi, ngalati pati punapa, pan pati iku parenge, parenging sih kawimbuhan, pan tansah kawisesa, kang teka jatining suwung, ana kadim ana anyar.
29. Ngulati punapa malih, ora nana liyan-liyan, nanging ngapes salawase, nanging Allah ingakng tunggal, ya jisim iya Allah, tokit tegese puniku, apan tunggal kajatenan.
30. Sakathah ing para wali, pan sarwi mesem sadaya, miyarsa ing pamuwuse, kukuh tan kena ing amph, saya banjur wicara, amiyak warananipun, nora nganggo sita-sita.

@@@

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS